

**Kalandriye Evenman e
Aktivite de Delray Beach
Novanm e Desamb 2005**

Fevriye 2006

Marathon Anyel 5K

12 Novanm-27 Me 2006

Maket Ve Ouvri
Samdi depi 8:00 a.m.-1:00 p.m.
nan Worthing Park

15 Novanm

Reyinyon Komisyon nan
City Hall a 6:00 p.m.

17 Novanm

Old School Square Holiday Carousel
Chak jou 5:00 p.m.-9:00 p.m.
Chak weekend 11:00 a.m.-9:00 p.m.

18-20 Novanm

Pat Boone's 50th Anivese
Tour at the Crest Theatre
Tike e enfomasyon: (561) 243-7922

19 Novanm

Duck Derby of Delray
Veterans Park 11:00 a.m.-5:00 p.m.

20 Novanm

Yamato Centennial
Morikami Japanese Gardens
Enfomasyon : (561) 495-0233

23-25 Novanm

THANKSGIVING—City Hall Closed

25 Novanm

Ice Skating Rink ouve nan
Old School Square

26-27 Novanm

Thanksgiving Weekend Art Festival
Pineapple Grove 10:00 a.m.-5:00 p.m.

2 Desamb

Sushi and Sake Annual Event
Morikami Japanese Gardens
Enfomasyon: (561) 495-0233

3-4 Desamb

Chris Evert/Bank of America
Pro-Celebrity Tennis Classic
Delray Beach Tennis Center
Tike e enfomasyon: (561) 394-2400

8 Desamb

Art & Jazz on the Avenue
Atlantic Avenue 6:00 p.m.—10:00 p.m.

8 Desamb

Holiday Tree Lighting
Old School Square 6:00 p.m.—9:00 p.m.
Enfomasyon: (561) 279-1380

9 Desamb

Holiday Boat Parade
Intracoastal Waterway 6:30 p.m.
Enfomasyon: (561) 278-0200

10 Desamb

Holiday Parade
Atlantic Avenue 6:00 p.m.
Enfomasyon: (561) 243-7277

10 Desamb

Kids Day at the Tree
Old School Square 10:00 a.m.—4:00 p.m.
Enfomasyon: (561) 279-1380

MyDelrayBeach.com

Published as a public service by The City of
Delray Beach, 100 N.W. First Ave-
nue, Delray Beach, Florida 33444
(561) 243-7000.



KIJAN POU PAKE DELKO E GAZ LA

Asire ke ou li rekomandasyon enpotan ki ekri pou pake delko-a. Tank la sipoze vid; ou ka fe li vid le ou itilize tank la jiska gaz la fini; sonje pou mete yon distans ant delko-a e gaz la o mem 5 pye de kay la. Fet atansyon pou van gaz la voye de lwen kay la. Gaz la kapab antre nan nenpot kwen. Pa itilize delko andan kay, sou kote vit kay la, bo pot la ou nan garaj la. Kite li fret avan ou mete li nan pozisyon nomal li.

Si ou genyen yon gwo kantite gaz (ki pa gen lot lwil), konsidere itilize li nan vwati ou pase pou kite-l nan tank la.

Gaz se yon materyel ki danjere anpil. Vapè gaz pi lou ke van; kife gaz la ka mache de lwen kontene ki kenbel la. Si vape-a jwen kontak avek sous la. Sa ka fe kontene-a pran dife. Gaz ki tonbe ate-a ka eklate. Plastik ki pa apwouve pou kenben gaz kapab pran dife. Mete gaz nan plastik ki make lèt UL sou li (sa vle di li apwouve pa Labowatwa Underwriters).

Gaz ki koule kapab komanse yon dife. Pa mete gazolin kote recho oubyen nan garaj la bòkote dlo chofe.

Si ou genyen okenn kesyon rele Depatman Dife de Delray Beach nan 243-7425. Ou kapab jwen enfomasyon sou entenet nan www.nfpa.org. ou nan Enstitite Petwolyom Ameriken nan (www.api.org). Oganizasyon yo rekomande le wap travay avek gaz:

- Pa kite timoun jwe avek gaz.
- Pa mete gaz nan kontene glas ou plastic tankou gallon dlo ou let.
- Mete ase gaz pou itilize machin ki bezwen li an.
- Pa itilize gaz andan kay ou pou netwaye.
- Netwaye gaz la imedyatman apre li tonbe ate-a.
- Pa fime le ou kote yon kontene gaz.
- Pa itilize gaz nan plas kerosene.
- Plen kontene gaz deyo kay la. Mete kontene-a ate e pa janm plen li net. Pa janm plen li andan deye pickup la.

PLIS ENFOMASYON APRE SIKLON WILMA

FATRA- Kontraktè ki responsab pou ranmase gwo debri tankou pye bwa rekòmase ap travay. Kontinye kenbe pasyans avèk nou paske travay la long. Kamyon ap bezwen pase plizyè fwa. Yo sipoze fini komansman Desamb ou Janvyè. Mèt kay yo ap bezwen separe fatra konstriksyon tankou materyèl tè kay oswa baryè) avek lòt fatra yo. Mete yo nan pil separe devan kay la men pa sou lari a. **Nòt Enpòtan** - Si yo melanje, kamyon an pa p pran fatra a. Nou vle fè ou sonje pou pa mete fatra a sou tèt tiyo ponpye yo oswa devan twou egou dlo yo. Pa bloke kafou yo. Pa transpòte fatra yo poukont ou nan estasyon fatra a paske yo pa p aksepte yo.

Vizite nou sou entenet nan www.mydelraybeach.com anda "Siklon Wilma" pou plis enfomasyon.

SIYAL TRAFIK - Pryorite siyal trafik se premye bagay pou Depatman Transpotasyon de Floride (FDOT) e County Palm Beach. Tout siyal trafik sipoze ranje pou tout direksyon pa Desamb (Pati 1). FDOT e County Palm Beach sipoze komanse Pati 2 nan mitan Desamb e fini li pa Mas 2006. Kontinye itilize prekonsyon le nap kondwi sou wout la. Trete tout enteseksyon san limye kom yon sij stop.

KI BO POU ALE POU ED

FEMA-Pou aplike avek FEMA, rele 1-800-621-3362 ou vizite yo sou entenet nan <http://www.fema.gov>. Genyen yon Sant Dezas ki localize Boca Raton nan Sugar Sand Park, 300 S. Military Trail. Sant sa founi enfomasyon apre dezas la.

ASISTANS KAY-Rele Depatman Kominote nanCommunity Improvement nan (561) 243-7280.

PWOGRAM TÈT KAY BLE- Divizyon Enjenye Militè yo kòmmanse opere yon pwogram pou repare tèt kay tanporèman. Mèt kay ki vle patisipe sipoze ranpli yon aplikasyon ki bay kontraktè a dwa pou fè reparasyon an. Ou kapab aplike nan Bibliotek Boynton nan 208 S.Seacrest Blvd. Lendi a Vandredi depi 9am pou 6pm. Pou plis enfòmasyon, rele 1-888-ROOFBLU (1-888-766-3258) osw vizite yo sou entènèt nan <http://www.saj.usace.army.mil/>

FL DEPT. OF MANAGEMENT SERVICES - Hurricane Help Line: 800-22-STORM or 800-227-8676
(asistans asirans)

Pou asistans FINANSYAL DE RED CROSS rele vo nan-1-866-GET-INFO (1-866-438-4636)

Pou asistans sou ed rele **SALVATION ARMY** nan (561) 391-1344 oubyen **UNITED WAY HELP LINE**- nan 211 ou (561) 383-1111. Yo ouve 24 tan pa jou, 7 jou pa semen.

